

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis panalungtikan ngeunaan ragam basa, kapanggih ragam basa dina iklan komersial basa Sunda di média masa, di antarana ragam basa dumasar panyaturna, ragam basa dumasar kaformalanna, sarta dumasar sarana. Tina hasil analisis jeung déskripsi bab IV bisa dicindekkeun saperti dihandap.

- 1) Dumasar kana hasil data, kapaluruh ti taun 2019 nepi ka taun 2020 kapanggih aya 211 ragam basa dina 33 iklan komersial basa Sunda di média massa. Luyu jeung tiori anu digunakeun, ragam basa dumasar panyatur téh dibagi jadi dalapan nyaéta ragam basa *akrolék, basilék, vulgar, slang, kolokial, jargon, argot, jeung kén*. Sedengkeun dina data anu kapaluruh aya tujuh ragam basa di antarana ragam basa *akrolék, basilék, vulgar, slang, kolokial, jargon, sarta argot*. Ku kituna, ragam basa dumasar panyaturna anu remen digunakeun nalika komunikasi nyaéta ragam basa *akrolék* lantaran miboga maksud pikeun méré sikep sopan kapamiarsa anu sagemblengna lain budak ngora wungkul tapi aya kolotna
- 2) Salian ti éta ragam basa dumasar kaformalanna dibagi jadi lima ragam basa dianatarana ragam basa beku, ragam basa usaha, ragam basa resmi/formal, ragam basa santai, sarta ragam basa akrab. Ari anu kapaluruh dina iklan komersial basa Sunda nyaéta ragam basa usaha, resmi/formal, santai, sarta akrab. Dina hasil analisis data, kapaluruh ragam basa usaha anu remen digunakeun lantaran ilahar iklan mah patali jeung ragam basa usaha pikeun ngapromosikeun produk.
- 3) Ragam basa dumasar sarana kabagi jadi dua ragam basa lisan sarta tulisan. Dumasar kana hasil analisis data iklan komersial basa Sunda téh ngagunakeun basa lisan sarta tulisan, sarta data anu kapaluruh leuwih remen digunakeun téh nyaéta ragam basa lisan.

Dumasar data anu kapanggih dina iklan komersial basa Sunda téh bisa ditalungtik dumasar kana ragam basa anu ngawengku ragam basa dumasar panyaturna, dumasar kana kaformalanna, sarta dumasar kana sarana anu digunakeun ku panyatur dina iklan komersial basa Sunda di média massa.

5.2 Implikasi

Dumasar kana hasil panalungtikan, pedaran, sarta kacindekan anu dipedaran saméméhna. Kamekaran jaman dina widang téhnologi téh mangaruhan pisan kana ayana parobahan basa anu digunakeun ku panyatur, jadi réana istilah anyar anu digunakeun ku panyatur lian ti ngabeungharan kosakecap basa Sunda tapi basa ogé bisa barobah ku kamekaran jaman.

Implikasi dina ieu panalungtikan téh dipiharep bisa nambah élmu pangaweruh ngeunaan sociolinguistik sarta nambahan kosakecap dina kamekaran basa Sunda kiwari. Salian ti éta ieu panalungtikan ogé dipiharep bisa méré manpaat pamahaman sarta dijadikeun sumber acuan diajar pikeun mahasiswa ngeunaan ragam basa.

5.3 Rékoméndasi

Sabada ieu panalungtikan dilakukeun, aya sababara rékoméndasi anu bakal ditepikeun ku panalungtika nyaéta

- 1) Ieu panalungtikan téh nganalisis ngeunaan ragam basa dina widang sociolinguistik anu ngawengku ragam basa dumasar panyaturna, ragam basa dumasar kaformalan, sarta ragam basa dumasar sarana. Ku kituna, perlu diayakeun panalungtika ngeunaan élmu séjén.
- 2) Ieu panalungtikan téh masih kénéh nyoko kana hasil bebeneran dina tiori, bakal leuwih hadé saupama ngaguar ngeunaan faktor anu ngabalukarkeun kana makéna ragam basa dina komunikasi panyatur.